



## **Kestyon Moun Poze Souvan**

**K: Kisa RegisterToVoteFlorida.gov la ye?**

R: RegisterToVoteFlorida.gov se sit wèb sekirize ak fasil pou itilize a pou enskri pou vote anliy nan eta Florid.

**K: Èske m oblije sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.gov pou m enskri pou vote?**

R: Non. RegisterToVoteFlorida.gov se sèlman youn nan plizyè fason ou kapab enskri pou vote. Ou kapab fè demann nan yon biwo lisans chofè Florid, nan yon biwo pèseptè ki emèt lisans chofè oswa kat idantite (ID) Florid, sou sit wèb Depatman Prevansyon Woutye ak Veyikil Otomobil Florid la (Florida Department of Highway Safety and Motor Vehicle) gen anliy pou renouvle lisans chofè oswa kat idantite eta oswa nan yon ajans enskripsyon votè tankou yon biwo asistans piblik oswa yon bibliyotèk piblik. Ou kapab soumèt yon demann enskripsyon votè sou papye pa lapòs oswa an pèsòn tou.

**K: Kiyès ki kapab sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.gov?**

R: Tout rezidan Florid ki elijib pou vote oswa ki deja enskri pou vote nan Florid kapab sèvi avèk li.

**K: Kisa mwen bezwen pou mwen kapab soumèt yon demann enskripsyon votè anliy nan RegisterToVoteFlorida.gov?**

R: W ap bezwen yon lisans chofè Florid oswa yon kat idantite eta a ak kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni lisans chofè Florid ni kat idantite eta a ni nimewo sekirite sosyal, ou kapab sèvi avèk sit wèb la kanmenm pou ranpli demann ou an men w ap oblije enprime, siyen epi voye li pa lapòs oswa pote li an pèsòn nan biwo Sipèvizè Eleksyon konte w lan.

**K: Poukisa mwen bezwen yon lisans chofè Florid oswa yon ID eta a ak kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal mwen pou m enskri anliy?**

R: Lwa eta a egzije yon lisans chofè Florid oswa yon kat idantite eta a pou verifye idantite ou. Kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou a ofri yon lòt kouch sekirite pou verifye idantite ou. Sa ede pwoteje ou kont yon lòt moun ki ta kapab eseye sèvi avèk idantite ou pou enskri pou vote.

**K: Poukisa demann enskripsyon votè anliy nan egzije dat yo te emèt lisans chofè mwen an oswa kat idantite eta mwen an?**

R: Kòm prekosyon anplis pou pwoteje idantite ou, demann enskripsyon votè anliy nan egzije pou w antre dat yo te emèt lisans chofè Florid oswa kat idantite eta w lan. Sa ede pwoteje kont yon lòt moun ki ta kapab eseye sèvi avèk idantite ou pou enskri pou vote.

**K: Èske sa san danje pou sèvi avèk enskripsyon votè anliy nan? Kijan yo pwoteje enfòmasyon mwen yo?**

R: Enskripsyon pou vote anliy nan RegisterToVoteFlorida.gov la sekirize. Depatman an pran anpil mezi pou pwoteje enfòmasyon votè yo tankou paregzanp mete baryè sekirite dènye teknoloji, kriptaj done, tès pou fè diferans ant moun ak òdinatè, ekspirasyon sesyon apre mank aktivite ak itilizasyon plizyè ekran. Anplis de sa, yo pa kenbe done yo sou sit wèb RegisterToVoteFlorida.gov la.

Sit wèb depatman an pou enskripsyon votè anliy nan gen ladan mezi sekirite pou ede garanti idantite votè a vre ak kòrèk epi an menm tan pwoteje enfòmasyon pèsònèl yon votè. Nou egzije lòt chan enfòmasyon se sèlman moun k ap chèche enskri oswa chanje yon enskripsyon li te gen deja ta dwe konnen, tankou dat yo te emèt lisans chofè Florid oswa kat idantite eta li. Epiou yon moun oblije gen lisans chofè Florid oswa nimewo kat idantite eta li ak kat dènye chif nimewo sekirite sosyal li. Y ap verifye tout enfòmasyon sa yo an tan reyèl pou yon moun kapab fè pwosesis enskripsyon anliy nan. Si yo pa kapab verifye enfòmasyon yo, yon moun pa kapab kontinye pou soumèt demann nan elektwonikman.

**K: Kijan enskripsyon votè anliy sou RegisterToVoteFlorida.gov la mache?**

R: Enskripsyon votè anliy nan sekirize ak fasil pou itilize. Li mache menm jan avèk pwosede demann sou papyè tradisyonèl la, eksepte ou kapab ranpli li anliy epi soumèt demann nan elektwonikman bay fonksyonè eleksyon yo. Si yo verifye tout enfòmasyon yo epi yo jije demann nan konplè, biwo Sipèvizè Eleksyon lokal la ap emèt yon kat enfòmasyon votè.

**K: E si mwen pa gen ni lisans chofè Florid, ni kat idantite eta a ni nimewo sekirite sosyal?**

R: Si ou pa gen ni lisans chofè Florid, ni kat idantite eta a ni nimewo sekirite sosyal, ou kapab sèvi avèk sit wèb la kanmenm pou ranpli demann ou an men w ap oblije enprime, siyen epi voye li pa lapòs oswa pote li an pèsòn nan biwo Sipèvizè Eleksyon konte w lan. Ou p ap kapab soumèt li elektwonikman.

**K: Èske mwen otomatikman enskri pou vote lè mwen soumèt demann anliy nan?**

R: Non. Lè ou fin soumèt demann ou an anliy, Sipèvizè Eleksyon lokal ou a dwe egzamine demann ou an. Si yo verifye tout enfòmasyon yo epi yo jije demann nan konplè, biwo Sipèvizè Eleksyon lokal la ap emèt yon kat enfòmasyon votè.

**K: E si mwen pa vle soumèt demann enskripsyon votè mwen an anliy?**

R: Si ou pa vle soumèt demann ou an anliy, ou kapab sèvi avèk sit wèb la kanmenm pou ranpli demann ou an, enprime epi poste li oswa livre li men nan men nan biwo Sipèvizè Eleksyon lokal ou a. Sit wèb la p ap konsève enfòmasyon ou yo.

**K: Ki enfòmasyon ki sou demann mwen an ki nan achiv piblik?**

R: Selon lwa Florid, pifò enfòmasyon votè yo nan achiv piblik tankou paregzanp non ou, dat nesans ou, adrès ou, avèk ki pati ou afilye epi ki lè ou te vote. Enfòmasyon nimewo sekirite sosyal ou, lisans chofè Florid ou oswa kat idantite eta ou ak sous demann enskripsyon votè w lan konfidansyèl epi yo pa kapab divilge ni revele yo bay piblik la kèlkeswa sikonstans yo. Tout vòt nan Florid fèt pa eskriten sekre, epi se votè a sèlman ki konnen pou kiyès li vote. Pou plis enfòmasyon sou enfòmasyon votè kòm achiv piblik selon lwa Florid, klike [isit](#) la.

**K: Èske mwen kapab sèvi avèk iPad, tablèt oswa telefòn entelijan pou ranpli demann enskripsyon votè anliy nan?**

R: Wi. RegisterToVoteFlorida.gov konpatib avèk mobil.

**K: Ki navigatè entènèt mwen kapab itilize pou ranpli demann enskripsyon votè anliy nan?**

R: Nou rekòmande pou w sèvi avèk dènye vèsyon Mozilla Firefox, Google Chrome, Apple Safari, Microsoft Internet Explorer oswa Microsoft Edge.

**K: Èske sa pi rapid pou sèvi avèk enskripsyon votè anliy nan pase avèk demann sou papye tradisyonèl la?**

R: Enskripsyon votè anliy sou RegisterToVoteFlorida.gov se yon sistèm sekirize ak fasil pou itilize ki disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Demann anliy yo soumèt touswit. Si yo verifye tout enfòmasyon yo epi yo jije demann nan konplè, biwo Sipèvizè Eleksyon lokal la ap emèt yon kat enfòmasyon votè.

**K: Ki kantite tan sa ap pran pou mwen resevwa nouvo kat enskripsyon votè mwen an?**

R: Si yo verifye tout enfòmasyon yo epi yo jije demann nan konplè, biwo Sipèvizè Eleksyon lokal la ap emèt yon kat enfòmasyon votè nan senk jou pou pi ta apre li resevwa demann nan.

**K: Èske m ap resevwa konfimasyon demann nan soumèt san pwoblèm?**

R: Wi. Lè ou fin soumèt demann ou an anliy, y ap dirije ou sou yon paj konfimasyon ou kapab enprime pou dosye ou.

**K: Nan konbyen lang RegisterToVoteFlorida.gov la disponib?**

R: RegisterToVoteFlorida.gov disponib nan lang angle ak panyòl.

**K: Èske RegisterToVoteFlorida.gov aksesib pou moun ki gen andikap?**

R: Wi. RegisterToVoteFlorida.gov sètifye kòm aksesib pou moun ki gen andikap.

**K: Mwen elijib pou enskri pou vote nan Florid men mwen nan fòs ame, mwen rete lòtbòdlo oswa mwen rete tanporèman andeyò eta a. Èske mwen kapab sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.gov pou enskri pou vote?**

R: Wi. Depi ou gen aksè a entènèt, ou kapab sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.gov pou ranpli epi soumèt demann enskripsyon votè w la. Li disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

**K: Èske Depatman Deta a sèvi avèk yon vandè eksteryè pou kreye sistèm enskripsyon votè anliy nan?**

R: Depatman an te kreye RegisterToVoteFlorida.gov enteryèman nèt. Li pa t sèvi avèk ankenn vandè deyò.

**K: Ki dènye delè pou m enskri lè m ap soumèt yon demann anliy?**

R: Si gen yon eleksyon ki pral fèt nan jiridiksyon w lan, ou gen dwa soumèt demann ou an jiska 11:59 p.m. Lè Lès 29 jou anvan eleksyon an.

**K. Si mwen gen pwoblèm sèvi avèk sistèm anliy nan, kiyès pou mwen kontakte?**

R. Si ou gen pwoblèm teknik pandan w ap sèvi avèk sistèm anliy nan, tanpri gade paj [Èd](#) nou an. Pou tout lòt kestyon, tanpri gade [Kestyon Moun Poze Souvan yo](#) oswa kontakte [Divizyon Eleksyon](#) an.